

Konsèy sou Kominikasyon

Pou Fanmi Timoun ak Andikap

Travay ak Kominike pozitivman avèk Pèsonèl Lekòl la



Sanble Tankou



Sonnen Tankou

Kominike Byen Klè



Raple tout moun pwen fò pitit ou.



"Silvoulè sonje andikap lan se jis yon pati tout sa pitit mwen an ye. Li gen anpil pwen fò ak karakteristik ki san parèy."



Koute lòt moun avèk yon lespri ki louvri epi bay lide pa w yo.



"Mwen dakò pitit mwen an bezwen amelyore konpreyansyon lekti li. Èske nou kapab regle orè li pou li resevwa enstriksyon entansif pandan orè lekti regilye an nan yon anviwònman ki akeyan? "



Adopte yon metòd k ap vanse tikal pa tikal ak pwoblèm yo epi bay lide pa w yo pou rezoud yo. Montre ou konprann bagay yo kapab chanje aprè yon tan.



"Mwen pa kwè estrateji sa a ap mache pou pitit mwen an, konsa an nou eseye li epi pale sou sa ankò nan ___ semèn. Si sa a pa mache, mwen gen yon lòt lide nou te kapab eseye."



Pran nòt anvan, pandan, ak aprè w rankontre avèk manm ekip edikasyon endividyèl (individual educational plan, IEP) pitit ou a. Itilize egzanp reyèl ak espesifik yo lè w ap pataje sousi w yo.



"Mwen ta renmen pataje kèk sousi dènye konvèsasyon nou an. Mwen panse kapab genyen kèk malantandi sou bezwen sipò kominikasyon pitit gason / pitit fi mwen an. Li bezwen genyen yon bon mwayen pou li kominike chwa li yo. Li itilize aparèy sa a lakay lan pou li chwazi manje, aktivite, ak rad."



Poze kesyon pou konprann toude bò yon pwoblèm. Jwenn opinyon nan men lòt pwofesè yo osinon administratè lekòl lan.



"Mwen pa kwè mwen konprann poukisa yo te mete pitit gason / pitit fi mwen nan yon pwogram lekti diferan. Èske w kapab eksplike sou kisa w baze desizyon sa a? Mwen panse mwen ta renmen tande pale sou nouvo pwogram lekti nan bouch antrenè lekti an."

Fè yon Plan



Rantre an kontak pi bonè w kapab avèk lekòl pitit ou an.



"Mwen ta renmen rankontre avan lòt ane lekòl la pou planifye tranzisyon pitit mwen an nan klas ak bezwen sipò li yo."



Pran yon randevou espesyal pou pale konsènan sousi ak pwoblèm espesifik yo.



"Mwen gen enkyetid sou kèk devwa kay pitit mwen an ap vini lakay lan ak yo. Kilè ki t ap yon bon moman pou nou pale sou sa?"



Antann nou sou yon sistèm kominikasyon kouran.



"Ki pi bon mwayen pou nou toujou kominike pandan ane an?"

Montre Sipò w ak volontè w pou vin yon Asosye



Rekonèt konpetans pwofesè an.



"Mwen konnen w se yon pwofesè ki konpetan ki gen anpil bagay pou jere chak jou! Tanpri fè m konnen kòman mwen kapab ede w."



Patisipe nan pwosesis oto-evalyasyon nan Pibon Pratik Edikasyon Global (Best Practices in Inclusive Education, BPIE) nan Lekòl lan, aktivite fanmi - lekòl yo epi/oswa komite yo.



"Mwen disponib pou sèvi antanke volontè pou BPIE, PTA, Komite Konsèy Lekòl lan, Booster Club, Sal Resous Fanmi, elatriye"



Voye mesaj pozitif bay estaf lan. Di yo ou konnen efò yo pou fè ledikasyon pitit ou a epi ou vle bati yon relasyon pozitif ant lekòl lan ak lakay ou.



"Nou vrèman panse efò w ap fè anplis yo ap bay rezilta pou pitit gason m nan/ pitit fi m nan. Li pa janm te renmen ale lekòl jouk kounye a!"
"Mwen kontan pwogrè pitit mwen an ane sa a, menm ta renmen konnen kijan mwen kapab fè plis pou mwen ede li nan kay la."



Kenbe konpòtman pitit ou a an pèspektiv.



"Èske sa pitit mwen an ap fè nòmal pou timoun laj li oswa se yon bagay ki gen rapò ak andikap li an?"



Eskane kòd QR la pou verifye resous fanmi FIN yo pou byen konprann entegrasyon!

Pou konnen kòman w kapab kontakte Fasilitatè FIN rele 1-888-232-0421 oswa vizite sit entènèt FIN la nan www.FloridaInclusionNetwork.com.

